

RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.—
Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi
kiran: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris;
(apes: f 1,25).
Moendoet kapatjak langkoeng saking sa-
pisan, oetawi moendoet dados lengganan,
tepang rembag roemijn kalijan adminis-
tratie.

Hoofdredacteur:

B. SOEMARNA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

ISINIPOPEN:

De communistische internationale — Wanita ing babagan sociaal — Wanita ing Bandoeng — Wanita Djaman samangké — Madjeng. Moendoer — Réna — Pakné kontra bokné — Mangga poen tandangi — Tijang pribomi kalijan serat kabar padintenan — Kroniek — Ontjén sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

PRADJA RAHAJOE.

DE COMMUNISTISCHE INTERNATIONALE.

Mengahing Pangéran.

De Communistische internationale inggih poenika kempalanipoen Communistische partijen ing sadj-gad; zetelipoen ing Moscou, kanamékanen "Executief Comité der Ille internationale."

Het bolsjevisme strijd tegen God. Njata!!! Het Russische bolsjevisme poenika nerangaken: boten wonten Allah. Manoengsa boten gadah soekma, agami poenika namoeng prakawis partikelir (Godsdienst is privaatzaa), oetawi kénging katembogaan ken palson. Anngge-anger 7e moengel „sira adjas njenjolong. Nanging Lenin moengel: Njenjolonga! sabisa-moe! Angger-anger 4e: Sira ngoer-matana bapa bijoengira! Nanging de communistische jeugd: Ora! ngoer-matana bapa sing nalika wektoe rem roesoehan djempol enggoné ngamoek. Angger-anger 5e: Sira adjas gawé pati. Ora, angger anger ikoe moeng soemoeti-soetji.

Jén wanten tijang menang ang- genipoen ngamoek, ladjeng oemoek, nedahaken kamenanganipoen dateng huisvrouwen, lan teroes dipoenpék bodjo, nanging boten kaidjab, alias . . . ? (waarachtig, ngoengkoeli kewan). Tijang éstri boten kénging tresna dateng anakipoen; dados katre-nanngan bijoeng kedah itjal. Als de vrouw haar kinderen lief heeft, is zij niet anders dan een hond, een beest. (Lenin)!

Wah kados dipoenkoroki koeping koela, kok semanten kesasarangan nalar, kesangetan anggénipoen doe-menoeng ing pepeteng; poenapa bangsa waoe boten tampi sihing Pangéran? O, temtoe kémawon tam-pi, Goesti boten pilih asih, oeger sipay manenoeng temtoe kaparingan sih kanti tjekek kanggoé nganggoelang pamboedjoeking sétan dateng pepe-teng. Namoeng pijambakipoen boten poeroen migonaekaken, kabekta sa-king watak oemoek.

Dados sih waoe moespra, tanpa tandja. Tjekakipoen tijang jén taksih nengenaken: hoermat, nikmat, semat, koemloengkoeng lan adigoeng, inggih ladjeng nglirwakaken sih Dalem Goesti Allah.

Dados tjeta sanget jén russisch bolsjevisme poenika penasaran ing-kang ngébat ébat. Sengara bangsa waoe saged tretem lan sakéjtja, awit sadaja ingkang tjongkrah lan kar-saning Pangéran boten saged tampi katentreman.

Manoengsa poenika poenapa ta? Inggih poenika kagoengan Dalem Goesti Allah.

Oepami koela gadah maesa. maesa waoe jén boten manoet préntah koela temtoe kémawon koela gebag. Koela wenang nganggé maesa waoe sapikadjeng koela, lan koela boten kedah njoekani gandjaran, nanging nama oetami jén kala - kala maesa waoe koela soekani gandjaran. Me-ka-ten oegi Goesti Allah, inggih boten kendat maringi gandjaran dateng ma-noengsa, Pandjenenganipoen wenang ngagem manoengsa manoet karsa Dalem. Nanging saréhning Goesti Allah poenika Maha-tresna, Pandje-nanganipoen kersa pradjangdjí paring gandjaran dateng manoengsa, inggih poenika kamoeljan langgeng ing Swarga.

Kodratin manoengsa temtoe ngga-dahi kepéngin dateng kasaénan lang-

geng, sanadjan communisten inggih gadah. Nanging tijang poenika jén sampoen ambekok, meka dateng le-teking djagadladjeng: „asss, emboeh ra-iroe. mbésok pikir mbésok, saiki ja apa anané saiki.“ Lo, rak loetjoe poenika: bédjing jén sampoen mak: tjekik, la inggih kasép, sampoen katoetoep lawáng tobat. Poenapa bédjing jén sampoen wonten nra-ka djahanam? jak inggih langkoeng anéh poenika; awit nraka poenika sampoen kasebat langgeng, dados boten molah malih. Ingkang molah malih poenika inggih namoeng donja ngriki, tijangipoen tansah ré-wel . . . kémawon.

M. J. A. Koepoe biroe.
Smg oost.

LARASATI.

WANITA ING BABAGAN SOCIAAL.

Sapoenika koela badé ngrembag pangkat loehoer, ingkang dedasar pasihaon loehoer. Poenapa wanita saged anggajoeh makaten poenika? Wiwit djaman roemijn ngantos djaman samangké kados boten kirang tijatjahing wanita ingkang nglenggahai pangkat loehoer, saged njandak tradjaming prija, malih saking pama-was koela wonten ingkang ngoengkoeli. Boten namoeng nama papak kémawon, malih kapara nglangoengi. Wanita oegi saged mondjoing boedi toewin kasagedan. Oepa-minipoen? O, boten kirang. Ingngriki koela andarakken minangka toelada; Hypathia, wanita ing Alexander, mempeng ing kasoeastran, langkoeng-langkoeng bab ilmoe filsafah. Paula toewin Eustachium, sami wanita Itali (Roem) dipoen-woelang basa lbrani déning Santo Hieronymoes. Ing abad tengahan wanita ingkang misoewoer kasaged-anipoen i. p. Relindis van Hohenberg, pangagenging satoenggiling pasraman (abdij); Hroswitha van Gandersheim; Hildegardis van Bingen makaten oegi. Bakda poenika Vittoria Colonna toewin Charitas Pirkheimer. Malah I. S. Kangdjeng Santo Rama Benedictus XIV mbe-noem professor éstri ing sekolah loehoer ing Bologna i. p. Agnesi moelang ilmoe filsafah lan matematiek(bangsaniipoen ilmoe oekoer lan étang); Bassi moelang ilmoe filsafah toewin muziek. Poenapa makaten poenika boten adamel agenging manah koela; wanita ing Indonésia?

I. S. Kangdjeng Santo Rama Pius X rena ing panggalih midanget adjenging sekolah loehoer ing Washington; ing taoen 1912 maringi-nawala dateng Kardinal Cibbons. Ing nawala ngrikae I. S. Kangdjeng Santo Rama ngatingalaken sangat renanng panggalih, déne para zuster kénging loemebet ing sekolah loehoer kasboet, per-loe ngoedi kawroeh, amrih saja saé lan katal pigoenanipoen anggénipoi-pon sami dados goeroe moelang dateng laré éstri.

Ningali kawontenan makaten poenika, koela wani mastani, jén boten nama samestinipoen, manawi bangsa koela wanita dipoenalang - alang-ngoepados pangkat loehoer, toewin boten kakénggaken sinaoe ing sekolah loehoer. Ananging terkandang koela inggih ragi kendak sa-kedik, manawi mireng pitakénan makaten: apa bangsa wanita bandjoer koedoe disekarep, kabéh kanggep bisa madani prija, koewa-gang njangga ribed roeweting wong sinuae?“ Lah, poenika angéngan-koela badé maben, sebab kawon tanda jekti. Bangsa koela wanita kedah ngéngerti ringkil lan sèkènging badan (pawakan), sampoen namoeng mligi ningali ondjonung pikiran. O, boten katal tijatjahipoen wanita ingkang saged lelawanan kalijan prija kanti sembada; manawi boten gadah dasar sentosa-sentosa, boten saged njandak. Jén dipoenpeksa, dipointog sarosanipoen, temah risak pikiran (oetek) lan badanipoen. Poenapa makaten poenika badé adamel

aliting manah koela? Babar pisan boten; awit pandamelanipoen wanita ingkang nomer satoenggal boten kok sinaoe makaten, ananging ang-goela-wentah anak, andjagi saéning brajet.

Ing ngriki koela boten soesah ngandarakken pamanggihipoen para pinoendjoel, ingkang sampoen ngoedi wewatekan toewin dasaripoen bangsa wanita lan prija; makaten poenika kados sampoen kerep kamot ing Sw. Tm.

Gantjaming rembag: bangsa koela wanita saged njandak pasinaon ing sekolah loehoer; ananging manawi katah sanget, ingkang makaten poenika, boten badé toemindak, sebab poenika mitoenani badanipoen pijambak, mitoenani toeroen lan la-djeng mitoenani gesang oemoem (maatschappij).

A.

WANITA DJAMAN SAMANGKÉ.

Menawi koela waspaosaken saës-toe, kawontenanipoen pawéstri djaman roemijn kalijan sampoen, mila pantjén béda.

1. Toemrap kapinteran, wanita kina (mèh sedaja), boten ngretos poenapa-poenapa. Nanging ing sapo-ponikanipoen, wah . . . , sami on-tjor - ontjoran rebatan oenggoel. Ginemipoen ingkang katah-katah tjara Wlandi niet . . . hoor . . . niet. Kanggénipoen koela, sanadjan ném, nrimat moengel: „ik kan niet spreken Hollan maar“.

2. Penganggé djaman roemijn, mesti broeket Rasoezan loerik, sléndang bang-bangan, taphil plékat; geloeng tekoek. Boten wonten ingkang poeroen nganggé kotang (mbokmenawi dérèng wonten). Nanging ing sampoenika:

Sindjang kawoeng petak soemrin-ning, wiron alit dijinapit ing dja-pitan petak, goemebjar, ngoroti rasoekanipoen, ingkang saking soe-tra djené mawi rénda, Kotangipoen petak memplak kados kapoek, soemorot njinari sangsangan ingkang goemebjar déning mandalijon, tjoemlorong madangi binggel toewin sesoepé. Waah . . . boten wonten tijang, rasoepoen. Namoeng émani-poén, déne wonten ingkang tiroe-tiroe tijang sakit bentèr tis, ingkang ngantos telas ramboetiopen (goen-doel). Wangoenipoen kadamel kados sekar bakoeng; mila namanipoen inggih boekoeng (an).“ (Boten kados ajam toekoeng lol)

3. Menawi njat niroe bangsa Euro-pa, inggih pisan damel - (mawi rok, sepatoe). Lah inggih ingrikoé doenoenging potongan boek-koeng — Nanging roemaos koela (laré wedalan paredèn), kok saé modél kina.

4. Laré éstri kina, dipoenkoeroeng (tegesipoen kadelikaken oetawi kapingid, boten angsal medial pi-jambakan saking sadjawining pe-kawisan).

Nanging ing sampoenika, dameli-poén saba loeroeng-(radin), boten poeroen (sasatiopen) saba pawon.

Poenapa perloeniopen? Warni-warini, nanging sedaja toemoedjoe dateng kapinteran lan kabetahan. Ing doesoen koela. P. tetijangipoen éstri awis-awis saba grija, nanging . . . bjang-bjangan saba tangga, ni-roe wanita modern . . . ?

Oengelipoen pijambak, noelad wa-nita modél, nanging modéliopen Dè-wi Tjiptarasa kalijan Radyan Banjak Tjatra (poetra ratoe Pedadjaran) oetawi Kamandaka, inggih sineboet Loetoeng kasaroeng. Pramila koela saged gineman makaten, margi sampoen wola-wali njipati, sarta sampoen ngrampas serat-seratipoen.

O, para kadang-kadang koela, mbakjoe - mbakjoe oetawi adi-adi, koela atoeri sami ènget. Ingkang djoemeneng goeroe poetri, koela atoeri paring piwoelang dateng laré-éstri, ingkang nedeng-nedengi diwasa, sampoen ngantos mekaten.

Sampoen, poenika kémawon, C. Siti Soendari.
Ambarawa 25/10 '29.

WANITA ING BANDOENG.

Woelan kapengker poenika ing Bandoeng mentas wonten kempaling pakempalan - pakempalan wanita (combinatie vergadering) i.p. pak. Poeteri Indonesia, Persaudaraan poeteri, Persatoean Iboe, toewin Wanita sedjati. Ingkang karembag: a. poenapa sababipoen wonten pakem-palan wanita, b. pergerakan para wanita Indonesia.

c. pergerakan para wanita Indonesia ing bab panggoela-wentah lan pi-woelang. Soeraoeng sesorah-seso-rahipoen para medar sabda 1) njaé-ka-ken dradjadipoen para wanita ingkang karengkoeh para kokoeng. Para kadang kita wanita Katholieke ing bab poenika boten soesah menggalih, djer ing kalangan kita sampoen saé. Ing poendi tanah ingkang kaambah ing Agami Katholieke, dradjadipoen wanita mesti kadoendjoeng; 2) boten para kokoeng kémawon ingkang ke-dah ngretos pengadjaran, para iboe betah sanget pengadjaran langkoeng-langkoeng bab panggoela - wentah. Manga para kadang wanita poendi milah langkoeng rekaos.

BARATHA.

OPVOEDING LAN ONDERWIJS.

MADJENG . . . MOENDOER.

Ing Gids Melajoe katja 55, we-dalanipoen Firma H. D. MAC GIL-LAVRY, péanganan ngandap wonten oenggel - oengelan makaten: „DJANGGAN SELALOE MENJERAH-KAN PADA GOEROE SADJA, TENTANG PENDIDIKAN ANAKMOE MESKIPOEN DI-ROEMAH HAROES KAMOE PERHATIKEN.“

(Djawinipoen kirang - langkoeng: Sampoen tansah ngeboehaken dateng Goeroe kémawon, bab pamardi anak, sanadyan wonten ing grija kedah dipoenpigatospaken) poenika kados poenida? wosipoen? tegesipoen: inggih tijang sepoehipoen pijambak, pan-tjénipoen ingkang saloegoe kedah nggoela-wentah lan amerdi. Nanging kados - poendi sadérék kita kaeom patanèn oetawi sad. ing doesoen-ngadoesoen anggéné sami njakolah-aken anakipoen? poenapa sampoen sami ngertos dateng tetemboeng makaten poenika? Tjobi dipoen-grajah!

Ingkang makaten poenika, toe-mrap ingkang sampoen mangertos noen inggih saged anampi klajan gampil. Lan boten badé maiben, awit ingkang tjoeloek poenika boten makarja dados Goeroe. Nanging sareng sadérék kados atoer koela ing nggingi oetawi ingkang dérèng ngertos kados-poendi? Mastani jén poen laré poenika sregep; pinter madjeng tansah anamoeng kaborong-aken dateng Goeroe. Awit sawenéh (katah-katahipoen oet. limrahiopen) roemaipoen jén sampoen sekolah poenika sadaja (kadjawi sandang teda) bagéanipoen Goeroe. Mangka Goeroe namoeng njipati wiwit bikak doemoegi toetoepipoen sekolah.

Wonten, malih ingkang poeroen-ipoen njakolahaken kados-déné na-moeng dolanan oetawi kanggé djang-kep - djangkep, katanda satoenggal kalih (salong asring klampahan) sadinten kalah dinten, sawoelen ti-jang woelan kasoewoen medal. Mandar wonten ingkang plapoeran saweg badé kaatoeraken (concept) nembe rampoeng sampoen kasoewoen medal.

Loogenipoen noen inggih makéwed angéng tanggoehipoen, sabab wonten ingkang boetoeh momong, angén, tengga grija, toemoet peken, toemoet nggentang spn. Kalijan malih wonten ingkang sandang, teda, tilem, kasarasaning badan oegi boten patos kapaéloe. Tandanipoen katah kémawon ingkang goedigen oetawi boenijken. Wonten ingkang sadinten neda namoeng kaping sa-pisan, wonten malih ingkang teda-

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

sampoen kalijan regining Soeara Katholieke

1 taoen . . . f 7,50	{	njoewoen kabajar
1/2 " . . . f 3,75	{	roemijn.

Adresipoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS - COLLEGE

DJOKJAKARTA.

Drukkerij „Canisius“ Djokja.

Wijziging: „Canisius“ Djokja.

W

Sambetipoen.

Amoeng manawi wonten postra dinama-dama (poetrating Pasamoe-wan Soetji) mbangkang, wani kalijan Sang Poetra, poenika Sang Poetri saking pamawas koela ketelasan srana, toer sanget éwoeh-ajo; nggalih doeka soengkawanipoen Sang Pamastra, kados-kados badé ngandika: „Ah ja wis ta, tégakna! oewong dibetjiki kok ora ngerti, malah wanil wis tjoba tjoelna, karebèn kapok!“ — Sareng toemoengkoel mirsa postra nasar, noebras-noebras moek-moekan ing pepeteng, sanget trenjoehing panggalih; djadja kapetek asta, soitja katja-katja, galih bebasan winjenjet-wenjet: „O, gék keprijé bakal dadi-né?.... Apa sida sida nggeblas.... Ah kok ja talah temen.... Lelakon kok.... Oh, ngegér, toléhen Iboemoel.... Apa ta sarebé déné kok kowé tegel gawé soesah-koe?.... Apa isih koerang anggon-koen glaboehi kowé?“

Toemrapé lid W. K. ing koeta, kerep mirengaké sesorah, nangging kaja sing adoh lor, adoh kidoel ngéliké iki prijé?

Bb. Wo!! Bajèk nangis, komik. DJADIR.

MANGGA - POEN - TANDANGI

Anggén kita sami badé ambangoen, ambebagoes, njantosakaken - saha ngekahaken grijja kita Indonesia mila sengkoet saëstoe.

Bebasan asoekoe djadja ateken djangkoet — boten predoeli wonten rina lan daloe; sorotong soerja, senenging sesangka-miwah gebjaring woelan ingkang sanget nelahi poenika, boten klebet ing manahing para: „poetera Indonesia.“ déning sami riwoet njengkoed damel ing saben wekdal tansah kepireng swantening tijang saweg atrap gendeng, damel boetoelan wingking lsp.

Saëstoe jén-kebat-tjoekat-arikat. Moegi-moegi kémawon boten sami kesenengen nandangi salah-satoeng-giling bab kémawon, wangsoel: sadaja-mradini-moerha saged timbang — boten - gotang - mandar boten aras-arasen-nandangi-mangsoeli-pademelan ingkang sampoen dados, djeboel malah badé risak.

Mangga poenika koela atoeri, petikan Soear. Publ. Oct. no. 533 —

Sedjak taen 1929 moentjoel, keadaan peroesahaän batik ada sangat serat sekali, pasar batik Djokja, di mana-mana tempat semangkin moendoer, hingga sampai ini boelan, itoe kemoendoeran soedah sampai pada 75 pct.”

Andak boten nroedatos?

„Sebab - sebabnya: Berhoeboeng dengan kemadjoean rasa kebangsaan Indonesia, doeloe orang jang biasa pakai kain kepala dan kain pandjang baik, sekarang bersaroeng plekat tipis dan berpetjis, dan pantalon dan berpetjis.“

Atoer koela: ingkang andandosi-njakaan kaboedidajaning bangsa poenika inggih bangsanipoen pijambak. Ingkang ngrembag inggih bangsanipoen pijambak. Poenapa bangsa sanés....? inggih boten dados poenapa, nanggabatèn ingkang pantjépoen mlebet kantong Indonesia - dados mlebet kantong sanés pradja.

Mangga kaladjengaken.....

„Batik tjap keloearan Europa sekarrang ini teroes meneroes mendesek pada batik-batik keloearan Solo dan Djokja, malahan kabarnja: batik keloearan Pekalonganpoen soedah moelai kedese.”

Mangga...! mangka - pirsapijambak-bangsa balasabrangan makaten, manawi kedoegi sampoen angsal wenang — ambok redi inggih dipoen-dekiri ngantos dados trowongan-kénging kanggé dongsah gadjah.

Mangga poenapa badé kelampah, koela sami, nganggé sindjang wedalan Europa?

Hem, nlangsas temen...! kebangeten. Anggoné piudjékaké mangoen bangsa, ra isa apa-apa.! Ingkang nlangsas dédé namoeng ingkang nganggé, oegi ingkang nglampahi.

Mangga ladjeng: Djaoehoehna itoe peroesahaän batik berarti menambah kesengsaraän rahajat, karena toekang-toekang rige-tjap, bábar, kerok, bironi, njelep d.l.l. akan kehilangan penghioepannja, jang mana di koeatirkan bahaja kesengsaraän bakal menimpa kepada marika.

Mangga - manawi pabrik - pabrik sami wonten Europa andak boten makaten....?

Saged oegi kaboedidajinan kadegan-ken ing riki—jén makaten djaoehipoen bangsa kita inggih gampil — wasana dados kaeom berahipoen....! hara....! kaeom BERAH malih.

Mangga djatoehipoen — sampoen katah oetoihipoen — djer barang-barang wedalan ing ngrikoe badé langkoeng mirah tinimbang wedalan Djawi — katitik saking badé-badéniopoemori-soga-nila-lsp. wedalan Europa langkoeng mirah tinimbang Indonesia.

Mangga, moempoeng dèréng kasép, dipoenwiwit, dipointandangi.

Mardikaning politiek - kémawon dèréng tjekap, djangkepipoen, lan: mardikaning ekonomie; mila saëstoe éman jén ketoengkoel, boten ngréwés satoenggalipoen: Kamardikaning politiek poenika:

PAJONING grijja kita Indonesia; déné kamardikaning ekonomie - makaten TJAGAKipoen grijja kita; kalih-kalih-

* dados abonn's saja mindak.

keprije bisakoe oléh kawoeh maoe?

Pb. Mengko disik njelani. Kamarikan, karepé ing kéné: adja kok kabéh-kabéh prekara sing sipil baé tarèn wong lénang; keboetoehan saben dinané tarèn wong lénang. Dadi karepé wong wadon doewea pangoewasa, adja ming kaja mesin. Oetawa wong wadon ija doewea (oléh) pangoewasa élik-élik sing lanang, marang tindak doedoe.

Bb. O, jén moeng mengkono baé, kaja-kaja piwoelang ngarepakan idjab bijén wis njoekoepi.

Pb. Dadi karepmoe koewi, apa kowé bandjoer meneng baé, ngono apa? Élinga, saiki djaman madjoe, lanang wadon koedoe toemandang bebarengan, kango tanah lan bangsa.

Bb. Ora maido, kandamoe bener kabéh. Nanging wong wadon enggoné ndjoendjoeng bangsa dalamé béda karo wong lanang. Panemoekoe (geloeng tekoek) wong wadon nge-djoké bangsa I. Wong wadon koedoe ngerti, njekel tek kliwering omah. II. Panggoela-wentahé djabang baji toemeka botjéh. III. Pegawéan tanagan, paédaheh ngelong-elongi wetoné doewit.

Ambantoe wong lanang; samangsa arep gandringan, ora nggondéli.

Sarana kabéh iki nélakaké, jén wong wadon wis netepi wadjib sing nomer sidji; dadi arané wis njamboet gawé bebarengan lan sing lanang, ija migoenan marang adjoené tanah lan bangsa. Wong wadon arané wis merdika, wong lanang ora mikir mangro, merteloe. Nanging

keprije bisakoe oléh kawoeh maoe?

Pb. Ja, moela mengkono bokné!

Perloe apa ta wong wadon ngremboeg plitik, jén nglirwaké wadjibé.

Saiki akoe doecé remboeg; soepaja idam-idamankoe kasembadan, kowé sowana Pangrèhé Wanita-Katholiek, ngatoerana rembag, soepaja pakoempoelan W. K. kersaa ngedalaké koran, sing ngemot kaja kongkokarepaké maoe, manawa bakal kagalih; djalaran pekoempoelan lija ija pada doecé koran.

Ija bener ing koran-koran sok ngemot prekara maoe, nangging dasaré rak genah bédé.

Toemrapé lid W. K. ing koeta, kerep mirengaké sesorah, nangging kaja sing adoh lor, adoh kidoel ngéliké iki prijé?

Bb. Wo!! Bajèk nangis, komik.

DJADIR.

ipoen kedah wonten.

Kebak tjagak - tanpa pajon - boten kenging dipoenenggèni.

Pajon rapet-tanpa TJAGAK, boten sageg.

Njikloek majoni grijja, djeboel poen

TJAGAK kateda rajap....? hara....?

Pajon dados ambroek! memela-aaas....!

C. ORDEEKA.

TIJANG KATHOLIEK PRIBOEMI KALIJAN SERAT KABAR PA- DINTENAN.

Sapoena sampoen woelan November, taoen sanga likoer ndoengkap pedjah kagantos taoen tigang dasa, woelan Pasa sampoen njelaki; dados tegesipoen sampoen mèh doe-moegi wantjinipoen pakempalan-pakempalan sami damel parepatan taoen oetawi ngawontenaken konggrès P.P.K.D. lan P.K.W. samanten oegi. Ingkang makaten poenika kados oegi sampoen semestinipoen manawi kita sami tjetjawi sadija rembag oetawi oesoel-oesoel kangé sangoe (njangoni) dateng konggrès poenika.

Déné koela ingkriki boten badé oesoel oetawi damel dadaking rembag djer saëstenipoen prekawis poenika sampoen naté karembag, malah oegi kénging dipoenwastani kerep; ingkriki koela namoeng ngémoetakan oetawi nenangi, moerih para maos oetawi kadang Katholiek ingkang dèréng kalebetan gagasan waoe, ladjeng tomoeta ngroemaosi betahipoen, wasana ladjeng sami anggregoet toemandangipoen. Prakawis waoe; ing poenika kados-poendi sagedipoen saëstoe wonten serat kabar padintenan kanggé saëstoe Katholiek-boemi poetra.

Kala roemijin sampoen naté wonten swara saking Soerabaja, ingkang oesoel makaten, ladjeng taoen kapengker saking Magelang oegi wonten oesoel ingkang wosipoen kirang

VAN LITH-STICHTING

TANGGAL NÉM
sampoen dateng.

Moegi menggalih dateng
kabetahanipoen

VAN LITH - STICHTING.

Penningmeester V. L. S.
p/a 2e. Convict
Moentilan N. I. S.

langkoeng oegi makaten. Lah sapoenika soemangga dipoenajati saëstoe kadós-poendi kadoemoegn saëstoe sampoen ngantos namoeng wongsawangsoel këndel doemoegi rembag. Mila manawi sadérèk ingkang sampoen soemerep kalangan djawi, tamtoe sanget anggénipoen mbetahaken daja - daja ladjeng wonten dagblad ingkang kanggé tijang Katholiek boemi. Kanggé para maos tamtoe inggih saja marem, djer kabariopoen saja pepak, saja djadah toer boten wonten kabaripoen wajoe. Prakawis regi tamtoe kémawon inggih manoet poenapa ombjakting djawi — ana rega, ana roepa — kadamel ing sapentesipoen.

Milawé Sw. Tm sapoenika kenggalih sampoen roepak, poenika mila njata, awit tebaning Sw. Tm saja djembar, tjetjahing sadérèk Katholiek saja mindak katah*), dados sampoen samestinipoen jén Sw. Tm dipoenenggaken, sarana dipoenke-repi wedalipoen. Menggahing reregén Sw. Tm sapoenika poenika nama mirahing mirah. Tjobji koela atoeri manggalih roemijn Sw. Tm dipoenenggén f6 (nem roepijah) sataoen, sampoen dados f7,50 (tigang ringgit) sampoen kalian.

Ngladjengaken prekawis serat kawartosaken sadérèk M. H. Thamrin, warga Raad-kawoela, bade kasawoengaken tjalon Pangarsa P.P.P.K.I. B.T. gadah pemanggih M. H. Thamrin, tjakep sarta nitik tradjangipoen moenggoeh kasa-woengaken. Dèréng dangoe poenika sadérèk H. Thamrin njrijosaken boten sagah badé kapilih Pangarsa; boten margi alangan babagan politiek lan sanésipoen, alangan saking sliranipoen pijambak. Manga sami dipoenentoeng congres woelan December ngadjeng poenika.

3. Sadérèk Mohamad Hatta, tilas

Pangarsa Perhimpoenan Indonesia ing Nederland, ngadjengaken poeng-kasanning taoen poenika dateng Indonesia. Sasamponipoen sinaoe wonten ing Betawi, ngladjengaken sinaoe wonten ing Rotterdamse Handelshoogeschool. Salebetipoen sinaoe njambi njiriani Pangarsa P.I.

Samangké Pangarsa kaliniraken dateng sadérèk Abdoel Soekeo (Amboonees). Sadérèk M. Hatta oegi dados oetoesan Indonesia wonten ing Liga. Datengipoen sadérèk M. Hatta kaadjeng-adjeng 'sanget kanti genging manah déning para mitra

jejasan kita pijambak.— Ora bisa madeg, djer golongan Katholiek isih ringkih banget! Ringkih? Ananging sampoen ngina salira pribadi, sok oeger kita poeroen tamtoe saged.

Sagedipoen madeg poenika namoeng goemanteng dateng koela. Kala pan-

djenengnipoen Rama Hardjasoewanda, djoemeneng Redacteur énggal-

énggalan sagah ngedegaken Sw. T.

saminggoe kaping kali, manawi sag-

ged (kénging katindakan). Nang-

ngantos doemoegi léréh, boten sageg

kaleksanan, kabekta saking kirang ragad. Administratie tjomprang-tjam-préng. Lepatipoen sinten? Ènget poe-

nikia gaduhan kita. Sinten ingkang kedah ndjagi lestantoenipoen? . . .

Djangkepipoen kaping tiga: Poe-

napa kita sageg dados leng-

ganan? Saged poenapa malih, wa-

ton poeroen. Manawi roemas ka-

KRONIEK.

1. Para prijantoen! samanten lo, dajanipoen serat kabar; lepas sanget tebanipoen. Tijang koela ingkang sampoen keslempit ing djoerang, kesangsang ing karang padas, teka teksih kebandangan soewékan „de Koerier“. La, énggal koela olak-alik teroesan kémawon. Poenapa ingkang pinanggih? O, méglia, tjeta wéla-wéla. Tjobi dipointingali lan kawa-waos panggénan „een ton fonds voor de Koerier.“

Wadoeh! moemet sirah koela Dana, lo, kropyok, teka samanten katahipoen! Prijantoen! sadérèk! manawi pandjenganing maos makaten poenika, panggalihan pandjenganing kados-poendi? Sadaja andadara salira prijangga. Déné nalika koela maos, teroes tleng - tleng, sirah koela ngeloe; boten margi ningali katahing arta, nangging margi anggas-nggagas kawontenaniplen sadérèk koela pijambak. Sampoen malih ingkang samanten katahipoen; sampoen malih ingkang „soemangga poenika oeroenan koela alias dana“, saweg netepi wadjib kémawon, anggénipoen lembék, randat! wadoeh! manawi boten dipenojok-ojak; manawi boten ngantos djeblog lataripoen, boten ngoetjoeli boendelanipoen. Economisten (gemi nastiti) samangga känggé sanés, mangka poenika sampoen dados koewadjibaniplen; non-economisten, manawi känggé angga prijangga. O, boten soesahngwontenaken fonds gangsal ton, boten kelampahan ta sampoen. Ingkang tan-sah karembag, netepi wadjib kémawon roemijin. Lamoen poenika sampoen toemindak kanti samestinipoen, sampoen kangge tjekek. Ènget prijantoen!! boten difikir, kalau boeat plesir. éman-éman, ka-lau boeat . . . Wadoeh sang ke-sangsan badé ngemandang, nangging teka sajang, djer ingkang nanggapi namoeng karang-karang.

2. Kawartosaken sadérèk M. H. Thamrin, warga Raad-kawoela, bade kasawoengaken tjalon Pangarsa P.P.P.K.I. B.T. gadah pemanggih M. H. Thamrin, tjakep sarta nitik tradjangipoen moenggoeh kasa-woengaken. Dèréng dangoe poenika sadérèk H. Thamrin njrijosaken boten sagah badé kapilih Pangarsa; boten margi alangan babagan politiek lan sanésipoen, alangan saking sliranipoen pijambak. Manga sami dipoenentoeng congres woelan December ngadjeng poenika.

3. Sadérèk Mohamad Hatta, tilas

Pangarsa Perhimpoenan Indonesia ing Nederland, ngadjengaken poeng-ka-

sanning taoen poenika dateng Indonesia. Sasamponipoen sinaoe wonten ing Betawi, ngladjengaken sinaoe wonten ing Rotterdamsche Hand

O E R A P - S A R I.

KABAR KATHOLIEK.

Tijang soedjarah saking Montevideo.

Salebetipoen woelan Sept. ngarsa dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Santo Rama nampi pisowanipoen tijang soedjarah saking Montevideo tjetjahihoen satoes, dipoenpanggengi Kangdjeng Maha Biskop ing Montevideo Mgr. Argone. Tijang satoes waoe sami badé soedjarah dateng papan-papan soetji ing Eropa poenapadéné Paléstina.

Kadjawi poenika ngarsa dalem oegi nampi sowanipoen tijang soedjarah bangsa Djerman kathahipoen 300, bangsa Prasman 600.

Grédja énggal ing Soerabaja.

Sakedap malih ing Soerabaja wonten Grédja énggal. Tjaloniwoen mangèn wonten Ketabang Oost. Gotrah Katolik sawatavis ing kampong ngrikoe sami tinanggenah nglempakken arta kanggé adeging Grédja kaseboet.

Student Amérika kalijan Missie-actie.

Para student Katholieke ing Amérikah katawisi anggénipoen nengaken Missie-actie. Para maha siswa waoe anggadahi pakempalan ingkang sedyanipoen ngakatahi kawroehipoen para student babagan Missie. Pakempalan waoe madegipoen kala sawelas taoen kapengker. Sapoenia sampoen anggadahi warga 500.000. Pakempalan poenika anggadahi pé-rangan ingkang warganipoen apes nenem, kapatah matitisaken satoenggiling tanah, babad, poenapadéné Missie. Student-student waoe kerep parepatan, preloe angrembag ingkang dipoeninsiaoe. Angsal-angsalan-ning remebagan ladeng kaanggésorah kawedalaken wonten parepatanipoen para ingkang sami tresna dateng Missie.

Koerbanipoen Missionaris.

Ing doesoent Tutu, bawah poelo Nina Fon tigang woelanan kapengker wonten redi andjebloeg. Poelo Nina Fon poenika koekoeban kapeowlan Tonga. (bawah Inggris), sarta namoeng kagambar wonten boekoe atlas ingkang ageng-ageng. Katjarjos ing doesoent Tutu waoe wonten Kapèl alit kagoenganipoen Missionaris, asma Pastoer Jouney., dados warganipoen orde Maristen. Ing soewaoe Pastoer Jouney dados professor Theologie wonten Parangakik, ladeng datus pandita-paoeroehitanipoen sang praméswari ing poelo Wallis, temahan dados Oetoesan Dalem wonten poelo Nina Fon. Nanging wonten ing poelo Nina Fon waoe, pandjenenganiwoen sakalangkoeng sangsara. Tititjiang ngrikoe boten sami adjeng. Mila ladeng damel rompok alit wonten satjaketeng kawahipoen redi lateo. Soegengipoen wonten ngrikoe sakalangkoeng memelas lan kasrakat, pados dahar pijambak Iss. Dados saémper kados gesangipoen Robinson Crusoë. Mangka pandjenenganiwoen sampoen joeswa 81 taoen.

Kodos - poendi kadadosanipoen Pastoer ingkang ageng sanget labetipoen dateng Pangéran Ian Pa-

samoewan Soetji poenika doemoegi sapriki dèrèng wonten wartosipoen. Anggénipoen makaten poenika, maragi lampahing serat ing ngrikoe ngrekaos sanget. Nem woelan sapi-san kémawon dèrèng mesti wonten baita ingkang saged laboeh wonten pasisir ngrikoe. Mila serat-serat saking titijang ngrikoe ladeng kawaduhan blék, kakoentji, mawi calak, kabekatakan tijang ahli nglangi soepados kapoeroegaken dateng baita ingkang laboeh wonten pasisir sanès ingkang tebihipoen kirang-langkoeng kahih tengah mil saking Nina Fon.

Poetra Adipati ing Neger dados Imam.

Salebetipoen woelan September kapengker poenika, ing Lagos (Nigeria) wonten tijang Neger toeroen Joruba, tiga, djinebadan dados Imam. Tiga-tiganipoen sami déné anaki-poen prijagoeng Neger. Malah ingkang satoenggal poetra radja Neger ingkang dados imaming panembah brahala.

Winisoeda djoemeneng Groot Officier in de Orde van Christus.

Presidèn Portegal misoeda pandjenenganiwoen Kangdjeng Mgr. L. Schioppa djoemeneng Opsi Ageng-ipoen Orde Dalem Sang Kristoes. Orde Dalem Sang Kristoes, poenika jasanipoen sang nata Dionysius kala taoen 1317.

Pastoor kaoekoom.

Pradata Parangakik ing Landau (Djerman) mentas amatrapi oekoem denda 150 mark, kahijan oekoem koendjara 4 minggoe dateng pandjenenganiwoen Pastoer Georg Handrich ing Ludurgschafen. Pastoer Handrich poenika pangarsaning tijabang pakempalan sport Katolik anama "Deutsche Jegenkraft" Kala 14 Djoeni pakempalan waoe ngawontenaken papanggihan wonten Mundenheim, lan ngawontenaken arak-arakan. Prekawis poenika kademel prakawis, margi pranatani-poen Rijnlandcommissie: arak-arakan kanggé pista poenika wonten raos-raosipoen arak-arakan militér.

Mgr. Naskrecki wonten Roeslan dipoentaahan.

Nalika Mgr. Naskrecki vicaris-djendral ing kabiskopan Zytomir kondoer saking anggénipoen tindak papriksa, wonten setatsijoen Kieff dipoentjepeng poelisi.

Mgr. Casimir Naskrecki poenika sardjana mitjara, Imam sakalangkoeng toememen, sanget kadijén kérigan wonten kalanganipoen para ngoelama lan oegi titijang limrah. Sanadjan pandjenenganiwoen boten tjawé-tjawé kahijan politik, éwadéné sanget dipoengeting pangageng-pangageng Roeslan, margi pandjennenganiwoen pantjén kagoengan pangaribawa kahat.

Pawartos, Mgr. Naskrecki dipoentjepeng poelisi, poenika sanget damel boten senengipoen tetijang ing Polen, margi wonten Polen ngrikoe pandjenenganiwoen pantjén sanget sinoeba-soeba.

KABAR OEMOEM INDONESIA.

Boten kapareng dados warga P. N. I.

Pangageng wadyabala andawoehaken: para militér boten kapareng dados warganing pakempalan P. N. I. Samanten oegi para ingkang dados bawahipoen departement perang inggih kaawisan. Sinten ingkang koemawani nerak dipoenpotjot.

Saking tjarijospoent Aneta, awisan waoe boten namoeng toemrap ingkang dados militér pijambak, dasan anak, bodjo, poenapa déné réntjangipoen oegi kaawisan.

Komplot Kediri.

N. Soer. Crt. martosaken: Ing Papar wonten tijang madeg goeroe, nama pak Djapar, inggih Partasewita, alijas Sadikrama. Goeroe waoe menawi medjang wonten koeboeran oetawi ara-ara mawi wilodjengan. Kjahi goeroe sineboet kjahi oetawi goesti déning para moerid, sarta ladeng madeg ratoe adil, moerid-moeridipoen manganggé tjaar pél poelisi.

Katjarjos, kala tanggal 16 October ingkang asililah ratoe adil waoe, dipoentjepeng nagari. Moeridipoen ingkang saking doesoen Pagoe 17, Minggiran 12, saking Papar lan Ngépék oegi wonten. Grijaning moerid-moerid sami dipoen-galédhah, pinanggih boten wonten poenapoenanipoen ingkang ngantawisi sambet kahijan pakempalan politiek poenapa déné actie kominis. Namoeng ing ngrikoe wonten panganggé pradoeritan tjaar kina. Poelisi saged pikanteuk katrangan, ratoe adil sabalanipoen waoe mentas wi-loedjengi anggénipoen

keseboet ngawontenaken konggrès ingkang sapisanan, mangèn ing Soerabaja.

Pakempalan waoe anggadahi dasar lan toedjoe makaten: 1. Mrellokaken lan ngawontenaken manoenngiling pakempalan-pakempalan Arab. 2. Mitoeloengi tijang Arab sarana ngawontenaken sakolah, padagangan jajasan-jajasan kanggé oemoem. 3. Andjembaraken tebaning pakarjanipoen para néne-man bangsa Arab ingkang soewaoe sekolah Arab. 4. Toemrap prakawis politiek, pakemanan waoe njamböt damel sasrawoengen, tegesipoen poeroen dados warga wonten ing babadan-babadan Nagari; nangin mawi ngéneti papan ingkang sampoen kaloenggoehan bangsa Tionghoa.

Sesakit pès.

Aneta martosaken, ing Minahasa babi-babi katal ingkang kataman sakit pest. Ing soewaoe ingkang katradjung roemijin distrik Amoerang, sapoenika sampoen noelar dateng distrik 12 idji. Doemoegi sapoenika babi ingbang pedjah lang-saking 1.500.

Artá Goepermèn f 15.000 itjal.

Dérèng dangoe poenika, grijani-poen opzichter B. O. W. ing Amoentai klebetan doerdjana, mendet peti isi arta f 15.000. Doerdjana waoe noempak motor. Arta f 15.000 poenika wonten ingkang awoedjoed arta kertas 100 lembar regi njatoes roepijah, serie D. P. 6001 doemoegi 6100.

Toek toja bentèr.

Deli Crt. ngabaraken, tjalak kahijan onderneming Boekit Pajoeng sawatavis kilo meter tebihipoen saking Tandjoeng Poera, doemoenoeng wonten papan soemoer lisah patra, wonten toek toja bentèr. Toja waoe wonten dajanipoen toemrap kasarasan, mila atoesan, éwon-tjatjahan tijang ingkang sami dajampi adoes mrikoe. Toja ingkang kininten isi walirang poenika saweg kapriksa déning Pathologisch laboratorium ing Médan.

Patilasan djaman kina.

Inspectie Oudheidkundige Dienst ing Bangil martosaken bilih pikantoeck pendeman barang kina, bokmanawi kémawon tjiandi. Sapoenika ingkang sampoen katingal, retja Ganéa, témbok ingkang kapendem siti kirang langkoeng 1½ meter. Anggénipoen ndoedoeki kateroesaken.

Hoofdbestuur I. K. P.

Toewan G. Pastor kapilih dados moeda pangarsaning pangréh ageng I. K. P.

Lagoe Indonesia Raja.

Wonten ing parepatan-parepatan P. N. I. Iss. kerép mawi sesanti lagoe Indonesia Raja, titijang sami koermat ngadeg. Para poenggawanning Nagari, manawi ngleresi makaten poenika manahipoen katal ingkang taksih godjag-gadjeg; toemoet ngadeg poenapa boten. Margi makaten waoe, Paréntah ngedalenken sirkel, asoaraos: ambtenaar Negari manawi ngleresi wonten sasandi Indonesia Raja boten kapareng toemoet ngadeg; djer lagoe poenika kapanggih dédé lagoenipoen kabangsang ngriki, wangsoel namoeng sasatinipoen satoenggiling pakem-

Bank sapisanan kanggé tijang tani.

Java Bode martosaken, ing Tjipura mentas wonten bank kanggé tijang tani. Ingkang kapilih dados pangarsa sadérèk Amoen Pradjit lid regentschapsraad ing Bandoeng.

Bank poenika waoe sedyanipoen soeka pitoeloengan lan katrangan bab tatanèn dateng titijang tani. Tijang dados lid, kawadjiban nglebeti pantoen sadatjio ing talem sabaoe, poenapa déné arta sarepijah ing dalam sawoelan. Arta Iss. poenika tijang kanggé pawitan. Samangké warganipoen sampoen wonten kahih.

Njarjosi sampoen ngantos dados poenggawaning nagari.

Direcuteur Technische school Amsterdam toewan Heydeman kala sesorah wonten Koloniaal Instituut bab anggénipoen kékésahan dateng Indonesia, mawi njarjosi para moerid sampoen ngantos poeroen dados poenggawaning Nagari Indonesia, margi anggénipoen ambajar langkoeng andap sanget tinimbang partikelir.

Pabrik téh énggal.

Firma Tiedaman kahijan Van Kerchem kawartosaken badé damel pabrik téh wonten sakidoel kilénpoi redi Kawi, 18 pal saking Wlingi, kanamaken pabrik Kalibambang. Ingkang tjalon dados administrateur toewan Olgilvie.

Pranatan kanggé ngitjali lampah ngapoesi.

Parepatan Raad Kawoela ing awaling taoen ngadjeteng tjalon ngrembag réng-réngan angger kanggé njegah lampah ngapoesi, minangka wewahan papatjak ing salebeteng Angger Hoekoem.

ONTJÈN SEKAR GAMBIER MELATI.

NGITJALI ANALPHABETISME.

(Katijasanipoen Indonesische Studieclub Soerabaja.)

— O —

Indonesische Studieclub Soerabaja, mila katah lalabatanipoen wonten ing laladan actie sociaal. Prakawis poenika pantjén njata!

Studieclub Soerabaja, saged ngedaken Bank Kabangsan Indonesia.

Studieclub Soerabaja saged ngawontenaken grijja-pondokan kalih idji kanggé para studenten!

Studieclub Soerabaja, saged moedjaken "Vrouwen Tehuis!"

Studieclub Soerabaja, ngedegaken sekolahnen nenoen; mitoeloengi adeging polikliniek-polikliniek kanggé tetijang Priboemi; ngedegaken tokoh Pertoekangan ingkang sedyanipoen anjaékan dadamel Priboemi sarena soeka igoeh lan pratikel, poenapadéné soepados para toekang sageda njadé pijambak barang dadamelanipoen dateng djoeragan-djoeragan.

Studieclub Soerabaja ngangkah nglowaraken pabrik-kopijah Priboemi ing Gresik saking tanganipoen teokang potang bangsa Arab; I. s. s.

Samangké Studieclub Soerabaja nandangi minteraken tetijang Indonesia. Studieclub to em a n d a n g ngitjali analphabetisme! Toemandang soepados sadaja tijang Indonesia sagad maos lan njerat!

Studieclub Soerabaja pé-rangan Comité Volksontwikkeling ngedalenken boekoe "Panjabar Pangarti" regi f 0,50. Boekoe waoe sinerat aksara Latin, basa Djawi, kanggé tjeppanipoen sinten kémawon ingkang nedya ngadjengaken bangsa Djawi wonten ing kalangan maos lan njerat aksara Djawi. Lan badenipoen Comité Volksontwikkeling inggih ngedalenken boekoe bangsa-nipoen makaten poenika kaserat mawi bisa Mlajoe, Soenda, toewin Madoera.

Dados, itjalipoen koersoes A.B.C. ingkang doemados kala taoen 1922, sapoenika angsal lilintoe actie ngitjali analphabetisme saking golongan Studieclub ing Soerabaja. Lan, actie saking Soerabaja poenika waoe semoe-semoenipoen badé kijat mitajanil!

Manoet wawasanipoen Comité Volksontwikkeling, anggénipoen A. B. C.—koersoen boten saged lestantoen madeg doemoegi samangké poenika, margi: 1. Methodé ingkang dipoenanggé boten notjogi kawonenan moerid; 2. Goeroe-goeroenipoen tanpa bajaran; 3. Wekdala saha papaning sinaoe boten notjogi kawontenaning moerid.

Ngéneti ingkang makaten waoe, anggénipoen Studieclub nedya ngitjali analphabetisme ladeng mawi tjiara ingkang kosok-wangsoel kahijan tjaranipoen A.B.C.—koersoes kala taoen 1922; inggih poenika:

1. Methodenipoen sinaoe(moelang) langkoeng gampil, notjogi kawonenaning kawoela.

Ing wiwit ingkang kaprelokaken namoeng maos. Salebetipoen 5—10 menoet tijang namoeng kapoerih ngapalaken: ha, na, tja, ra, ka, di-poenwongsal - wangsoeli. Manawi sampoen, ladeng: da, ta, sa, wa, la, sateroesipoen. Menawi sampoen saedjam, tijang mesti sampoen saged ngapalaken tjarakan Djawi wiwit ha doemoegi nga. Manawi sampoen apal, saweg dipoeninaoe maos. Dipointedahi jén un moengel ha; k moengel na; sateroesipoen. Margi sampoen apal tjarakan Djawi, sa-poenika tijang ladeng saged kema-won ngoenglaken saking ngadjeng.

Déné ingkang tjalon angsal pangajoman sampoen ngantos kapoe-san, poenika ingkang soewaoe boten angsal pangajoman ingkang njekapi, i. p.

a. Tijang ingkang njéwakaken montor, oetawi toetoempakan sanés-ipoen, toewin barang-barang ingkang oemoemipoen kenging kasé-wakaken.

b. Tijang ingkang gadah hotél oetawi grijja pasipengen.

c. Para soedagar oetawi golongan loerah ingkang lalajanan damel kahijan toekang njanggi toewin toekang anglebeti, sarta mawi njoe-kani voorschot dateng toekang njanggi lan nglebeti waoe.

Dados tjalonipoen jén kaleresan tetijang ingkang gadah séwan montor, grijja Iss. saged pikanteuk pangajoman: samangsa ingkang njéwa ambaléndjani. Nanging, poenapa dje-djegipoen nagari boten prajogji damel pranatan tariping grijja ingkang kasé-wakaken, soepados para ingkang gadah séwan boten ladeng njéwakaken kanti tarip awis sakadjeng-kadjengipoen pijambak?

Karoekoan ing salebetipoen Islam.

Ing Soerabaja mentas wonten parapatipoen tijang Arab kahijan tijang Djawi, mangèn wonten koe-

Njaosi priksa para KADANG-MITRA, bilih koela kala 8 October 1929, pinarangan momongan djaler; koela namakaken
FRANCISCUS XAV.
GOENAWAN.
koela
S. Soediran Djirdja - Soesiswa
R. Ng. Cune Roestijah.
Moentilan.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN SAÉ TOEWIN AWÈT INGGIH NAMOENG MERK GAZELLE INGKANG AWOEDJOED ALCYON DUNLOP R. I. W. RIJWIELEN Nitjil kenging! - Kentjèng soekoer! GAZELLE HUIS - ROEMAH GIDANG MALIOBORO - DJOKJA - TELEF. 508.

Loemantar Sw. Tama ngatoeri priksa dateng para sadèrèk, jèn anak koela ing-kang nomer 1,

FLORENTIEN SOERJANINGSIH
nalika 16 - 10 - '29 kaparingan adi èstri, kaparaban
JULIA SOERTININGSIH.
Srengat 31 - 10 - '29 H. Tamsoer Tjokrosiswojo
menteri goeroe sekl. kl. II No. 1
Srengat. Blitar.

Ngatoeri woeninga: bilih tg. 26 October 1929 djam 9.30 daloe, anak koela pambadeng nami Rr. LOESIA MARJATI kapoendoet wangsoel dateng djaman kalanggengan.

Koela maofor sanget noewoen dateng Rama Pastoer lan kādang mitra sadaja, ingkang sampaen sami nglairaken bēla soeng-kawa lan koermat ngantos doemoegining rampoeng.

Anak koela waoe lair tg. 26 Maart 1926; kapoendoet wangsoel tg. 26 October 1929.

Koela ingkang sepoeh goeroe Medari.
Siswaharsana sarimbit.

ING KANTOR SWARA-TAMA dipoensediani gambaripoen

I. S. Kangdjeng Santo Rama Pius XI
Gambar ageng 90 c.M. - 70 c.M. regi f 2,50.
Gambar alit 35 c.M. - 25 c.M. regi f 0,25.
Gambar alit 10 c.M. - 7 c.M. regi f 0,02.

MANGGA MOENDOET!!!

MANTJA NAGARI.

ROESLAN. Wedaling lisah patra. Doemoegi tg. 1 Oct. ing taoen poenika wedaling lisah patra Roeslan wonten 3.618.000.000 ton, kala taoen kapengker: 2.781.000.000 ton. Wedaling lisah samanten katahipoen poenika, ingkang dateng Inggris: 725.000 ton (taoen kapengker 387.000 ton); dateng Djerman 484.000 ton (taoen kapengker 344.000 ton); dateng Itali 521.000 ton. (taoen kapengker 494.000 ton).

Lisah patra ingkang dateng nagari sanésipoen kadjawi ing ngnggil, kapétang mindak, namoeng ingkang dateng Hindija Inggris, soeda.

DJERMAN. Dinten kanggaléngan remen njélengi. Aneta-radio saking Nauen 30 October, ngabaraken bilih internationale spaardag dipointindakken roemijn wonten Djerman. Bank-bank sami ngedalaken serat ingkang soeraoipoen preloe sanget tetijang sami njélengi sageda ngawontenaken kapitaal, ingkang badéniopoen ladeng saged mihaken reregen. Serat waoe langkoeng-langkoeng ngénetaken para nénémán lan para moerid soepados sami koelina njélengi, gemi!

Ing salebetipoen kawan taoen poenika, dipositonipoen spaarbanken ing Djerman mindak, waoenipoen $1\frac{1}{2}$ milliard, sapoenika dadas $8\frac{1}{2}$ milliard. Éwadéné tjetjah samanten poenika taksih kawon sanget tinimbang kala djaman sadérèngipoen wonten perang, amratandani bilih Djerman betah sanget dateng won-tening kapitaal ingkang loemampah.

Ngajomi republiek. Ing Djerman saweg manah badé ngawontenaken wèt énggal kanggé ngajomi tetijang politiek. Wèt waoe amatrapi paoekeman dateng, kadosta: tijang ingkang natoni margi prakawis politiek; njakiti manahipoen prijantoening republiek, lss.

NEDERLAND. Arta kertas f 1000. Nederlandse Bank badé angedalaken arta kertas énggal pangaos f 1000.

INGGRIS Inoeman bir, lss. Kangé taoen 1928 manawi katanding kalijan taoen 1913, inoeman bir ing Inggris soeda dadas 55%, inoeman alkohol soeda dadas 42%.

Tjetjahing tijang ingkang kaeo-koem margi mendem inggih soeda namoeng wonten 55.000, mangka kala taoen 1913 172.000. Déné tja-tjahiopoen tijang tiwas margi inoeman, waoenipoen 5800 samangké dadas 24.000.

Mangsoelaken darbékipoen Djerman. Ing s.k. Times wonten serat oemoek saking John. Galsworth yingkang asoeraos: Inggris kedah tomoentoen mangsoelaken tirahan arta 250 - 300 mljien mark, ingkang pikantoekeipoen saking anggénipoen njadéni gagadahanipoen Djerman wonten Inggris. John. waoe mawi tjarjis: "Ngramps darbéking lijan, ikoe ateges klaplorot tekan djaman alasán."

ITALI. Boentoetipoen lalampahan ing Bèlgia. Pangéran pati Itali wonten Sw. T. kapengker sampoen kawartosaken mèh nemahi kasangsaran wonten Bèlgia, margi badé sinédanan tijang Itali. Serat-serat kabar sami nglepataken Parangakik anggénipoen poeroen andelikaken meng-

sahipoen karadjan fascisme. Serat-srat kabar Itali waoe sami nedo soepados toemoentoen wontena éwah-éwanan bab larawanipoen pradia salakih-kalihipoen toemrap mlebet-ipoen tetijang Itali manggén wonten pradia Parangakik. Serat kabar Impero malah saged moengel, manawi Parangakik boten poeroen toemin-dak makaten, Itali kepeksa badé nglampahaken atoeran keras ingkang saged oegi andjalari perang Itali-Parangakik.

Saking golongan Itali badé tomoentoen anindakaken lampah diplomatis. Wakil Parangakik ing Roem, sanget dipoendagi ing poelisi lan militér.

TIONGKOK. Kawontenipoen perangsan sadérèk sami sadérèk tak-sih teroes. Kala tanggal 30 October Chiang Kai Shek dateng wonten Hankow, ladjeng mapan wonten margi sepoer Peking-Hankow preloe mengagengi pijambak wadyabala kabangsan. Wadyabala kabangsan nandang karisakan ageng wonten sakilèn Suchow.

AFGANISTAN. Ing Afganië mentas ambangoen kanajakan énggal Pangarsanipoen: Sèh Wali Khan. Minister paprangan: Sèh Mahmood Kan, déné Minister oeroesan sadjawining Nagari, Faiz Dahmoud Khan.

Kawontenan ing ngrikoe, wekdal sapoenika kenging kawastanan wangsoel tentrem kados waoe-waoenipoen.

KOREA. Komplot mengah paréntah, Ing Korea mentas wonten komplot badé ngebroekaken paréntah ing ngrikoe. Nanging toedjene-nipoen saged konangan. Tijang ingkang katahan wonten tigang dasa.

KALAU BELI OBAT - OBAT

mémang tiada maoe pakai pertoema, melainkan boeat djaga keséhatan. Tetapi kalau tiada te-rima obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pintar Djangan beli sama sekali.

Obat-obat keloearan roemah² obat

MALIOBORO "RATHKAMP" **MALIOBORO**

soedah terkenal berapa banjak poeloehan tahoen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap

DJOKJA "RATHKAMP" **DJOKJA**

tanggoeng beli jang paling baik. Djaga tjap "RATHKAMP" dan "ERCEE"

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
moerah

DJOKJA **BANDOENG**

Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran
Swara Tama
dapat POTONGAN.

TOKO BARANG-BARANG. H. SPIEGEL - DJOKJA.

BOEAT KEPELLOEAN ST. NICOLAAS:

kami ada sedia:

roepa-roepa dolanan bagi anak-anak
moelaï harga 15 cent sampai f 40.

OENTOEK KEPELLOEAN KERSTMIS,

kami ada sedia:

matjem-matjem barang boeat geschenk;
Kerstboomen dan perhiasan Kerstboom
Sekolah-sekolahan dan perhimpoenan-perhimpoenan,
bisa terima potongan harga.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.30 - 8.30.	Lamah	5.30 - 6.8.	Pekalongan ³⁾	7.30.	Soerabaja:
Amboina	7.30.	Lawang ⁵⁾	7.	Pemalang ³⁾	7.30.	Kependjén 6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madiono	6 - 7.30.	Pemanjakat	8.30.	Anita Bou. 6 - 7.30 - 9.
Bandoeng	6 - 7.30 - 9.	Magelang	7 - 9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta 6 - 7 - 8.30.
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6 - 7.30.	Poerworedjo	7 - 8.30.	Tandjoeng Balai 7.30.
Blitar	7.30.	Malang	6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak	7 - 8.30.	Tandjoeng Karang 8.
Buitenzorg	6 - 8.	Manado	6 - 7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti 7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga	7.30.	Tara-Tara 7.30.
Djember	7.30.	9.30 (mal.)	Medari ⁶⁾	Sambas	6 - 8.30.	Tegal ²⁾ 7.30 - 9.30.
Djokja:			7.30.	Sambong	8.	Tering 7.
Kampementstraat	Eur. 7 - 9.	Meester Corn.	7 - 9.	Sawah Loento	7 - 8.30.	Tjilatjep ⁸⁾ 7.30.
	Jav. 6 - 8.	Mendoet	6 - 7.30.	Sedajoe	7.	Tjimahi 6 - 8.
Kota Baroe	6 - 7.30.	Modjokerto	6 - 8.	Sediram	5.45 - 8.30.	Tomohon 7 - 8 - 9.
Djombang ¹⁾	7.30.	Moentilan	5 - 6 - 8.	Semarang:		Wates ⁷⁾ 7.
Fort de Kock	7.30.	Muntok	8.	Gedangan	7 - 9.	Weltevreden:
Gandjoeraan ²⁾	7.	Ngawi ⁷⁾	7.30.	Bangkong	6.30 - 8.	Waterlooplein 5.45 - 7 - 9.
Gombong ³⁾	7.30.	Padang	7 - 8.15 - 9 (tjina).	Tjandi	7.	Kramat 6 - 8 - 9 (mal.).
Keboemèn ⁴⁾	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Randoesari	7.	Wonosobo ⁸⁾ 7.30.
Kediri	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Singkawang	6.30 - 9.	Woloan 8.30.
Klaten	7.30.	Palembang	7 - 9.	Soekaboemi	6 - 7.30.	
Koeta Radja	6.30 - 8.	Pasoeroean ¹⁾	7.30.			

¹⁾ 1e. Achad. ³⁾ 2e. Achad. ⁵⁾ 1e., 2e., 4e. Achad. ⁷⁾ 3e. Achad.

²⁾ 1e. + 3e. Achad. ⁴⁾ 1e. Achad tiap² doea boelan. ⁶⁾ 2e., 4e. Achad. ⁸⁾ 4e. Achad.

PARANGAKIK. Paréntah kalian Islam. Paréntah Parangakik kawaris anggénipoen miteloengi Islam. Prakawis poenika tétele saking: anggénipoen ngangkah ngadegaken mesjid - mesjid kanggé oemat Islam; margi makaten waoe ing tanah-tanah dijaduhan Parangakik, Islam madjeng. Tijang Pri-boemi 12 joeta, ingkang Islam 5 joeta.

Paréntah Parangakik ngadjeng-aken amrik soemrabahing basa Aráb. Pangageng-pangageng Islam kapapanaken wonten panggénan ingkang tijangipoen babar-pisan déréng naté kambah Islam. Kadjawi poenika oegi ngadegaken sakolahan-sakolahan inggil Islam, poenapadéné ngadegaken sakolahan Islam sanésipoen malih katahipoen 15000.

AMERIKA - SARIKAT. Laré alit njamboet damel. Ing Amerika doemoegi sapriki taksih joetan tja-tjahiopoen laré alit kaperih njamboet damel wonten pabrik-pabrik. Pradja ingkang 14 nindakaken: boten ngawisi laré déréng tamat saking pamoelangan andap klas sa-kawan njamboet damel wonten pa-brik. Pradja ingkang 11 boten ma-ngertos watesing panjamboet dameliopoen laré; boten pradeeli wonten panggaotan ingkang andrawasi, boten pradeeli langkoeng saking 8 djam. Pradja ingkang 13 malah boten ngawi-si laré njamboet damel ing wantji daloe.

Inggih leres kala taoen 1924, ing ngrikoe wonten konggès badé amra-nata, matesi poenapadéné ngawisi laré ingkang déréng oemoer 18 taoen njamboet damel. Poetoesanipoen konggrès, katawékaken dateng pra-dja-pradja ingkang anggolong wonten Amerika-Sarikat. Manawi tigang prasakawaniipoen pradja 48 waoe sami notjogi, poetoesan badé loe-

mebet wonten wet. Nanging doe-moegi sapriki saweg wonten pradja gangsal ingkang roedjoek, lan won-ten pradja 24 ingkang boten tjetjog.

**

Badé ndjontasaken njawanipoen Presidèn. Nalika presidèn Hoover noempak sepoer miroenggan wang-soel saking Luisville dateng Washington, doemoegi satjaketipoen New Albany mèh kasangsan. Margi ril sepoer ing ngrikoe dipoen-pasangi montor. Toedjoenipoen ko-nangan!

ZWEDEN. Pamanggih énggal. Ingenieur bangsa Zweden toewan Hesselman ing Stokholm mentas pi-kantoek pamanggih énggal ingkang tjalon mikantoekei sanget dateng pa-brik-pabrik montor. Pamanggih waoe saged ngirid sanget panganggénipoen lisal wonten ing motor, poenapadéné sasat kenging kapestékaken boten saged kenging babaja kabes-mèn. Motor modèl énggal waoe sampoen katjobi kaanggé wonten baita, kapal maboer